Lampiran 2 : Lembar Kerja
LK : Ngandharaken isi saha struktur wonten ing teks pawarta

UPACARA WIWITAN

Orator:
Kadang Tani mliginipun ing tanah Jawi, menawi badhé wiwit nanem wonten ing sabin tansah nindakaken Adicara Metri Sawah utawi Wiwitan. Upacara punika minangka panyuwunan dhumateng Gusti Ingkang Murbèng Dumadi, supados asiling tetanèn ing mangkénipun saged kalis saking ama lan bebendu.
Narator:
Ing jaman modern punika, mbokbilih sampun kathah warga ingkang boten mangertosi ngèngingi tradhisi punika. Pramila, Masyarakat Tradhisi Bantul ingkang dipunsengkuyung déning Mahasiswa ISI Ngayogyakarta ngadani upacara wiwitan kang dipunrawuhi wakil Bupati Bantul, Drs. Sumarno. Upacara kawiwitan kanthi mendhet winih pantun saking setunggaling sabin kagunganipun warga ing Bulak Pangkah, Sumberagung, Jetis, Bantul. Upacara Wiwitan punika dipunlajengaken wonten ing Lapangan Sumberagung. Pantun winih punika miturut tradhisi rumiyin dipunbagèkaken dhumateng sedaya kadang tani ingkang dipun-géndhong déning sesepuhipun Dhusun. Wonten ing Lapangan Sumberagung, upacara wiwitan dipunlajengaken dhahar tumpeng lan sekul wiwitan. Sekul wiwitan ingkang dipunwungkus ron pisang, sasampunipun dipundongani, lajeng kabagi dhumateng laré-laré.
Swasana regeng sanget awit sedaya warga sami rebatan sekul wiwitan ingkang dipunjangkepi sambel Gepeng. Kanggé acara Ruwatan sawah salajengipun ugi dipun-gelar ringgit Kancil minangka jangkeping acara merti sawah. Kejawi punika, masyarakat ugi dipunlipur déning manéka warna seni lan paméran kerajinan.
(Agus Susanto TV-VG, caos palapuran)

Negesi Tembung
Tembung ing andhap menika kapadosna tegesipun!
1. Mligi :
2. bebendu :
3. ron :
4. sesepuh :
5. jangkep :
6. dipun-sengkuyung :
7. kalis :
8. dipun-lipur :
9. regeng :
10. kadang :

Mangsuli pitakonan

RINGGIT KANGGÉ SARANA SINAU

Orasi:
Wonten manéka cara kanggé nggulawenthah laré. Ing wewengkon Boyolali, Jawa Tengah, satunggaling seniman mucal budi pekerti kanthi ngginakaken paraga ringgit.
Narasi:
Makaten kridhanipun laré-laré ing Désa Bade, Kecamatan Klego, Boyolali, Jawa Tengah. Laré-laré punika katingal saweg ngelir ringgit. Kanthi mapan ing Balai Désa Bade, laré-laré nanjakaken libur sekolah kanggé sinau nggambar paraga ringgit. Kanthi dipun-ampingi déning satunggaling seniman, Ki Djoko Sutedjo, laré-laré mulas gambaripun paraga ringgit Bima kanthi grengseng. Laré-laré mulas gambar kados ingkang dipunwucalaken déning ki Djoko. Sinambi ngelir ringgit, Ki Djoko ugi nepangaken watakipun paraga Bima dhateng laré-laré.

LIVEWORKSHEETS

Ki Djoko milih paraga Bima awit watakipun Bima pantes kanggé tepa palupi, kadosta jujur lan bekti dhateng tiyang sepuh lan gurunipun. Kejawi punika, Bima ugi kawentar kendel sarta remen tetulung dhateng sesami. Watak kalih punika kaajab saged dipuntuladhani déning laré-laré. Kanthi nepangaken seni ringgit, kaajab lare-lare sami tresna dhateng seni budaya Jawi.

Laré-laré nélakaken menawi remen sinau nggelar ringgit awit saged nanjakaken wekdal liburan kanthi kridha ingkang migunani. [Tim Liputan]

Wangsulana pitakonan ing ngandhap punika adhedhasar naskah pawarta ing inggil!

1. Punapa ingkang dipunwartakaken (*temanipun/topikipun*)?
2. Sinten ingkang dipunwartakaken?
3. Kapan bab ingkang dipunwartakaken punika dumadi?
4. Wonten pundi bab ingkang dipunwartakaken kasebut dumadi?
5. Amargi punapa bab kasebut dumadi?

LIVEWORKSHEETS